CENTRAL ASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH IF=8.8

Volume 4, Issue 05, Part 4 May 2026




# KEŃESBAY ALLAMBERGENOV SHÍǴARMALARÍNDA EPITETLERDIŃ QOLLANÍLÍWÍ

**Gúljamal Joldasbaeva**
Ájiniyaz atındaǵı NMPI Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeligi 2-kurs magistrantı.
**A.K.Pirniyazova**
Ilimiy basshı: f.i.d., professor
https://doi.org/10.5281/zenodo.20457620

## ARTICLE INFO

Qabul qilindi: 26-may 2026 yil
Ma'qullandi: 28-may 2026 yil
Nashr qilindi: 30-may 2026 yil

## KEYWORDS

*Epitet, semantika, awıspalı máni, tábiyat qubılısları.*

## ABSTRACT

*Maqalada jazıwshı K.Allambergenov shıǵarmalarında qollanılǵan epitetler analiz etiledi. Jazıwshı epitetlerden shıǵarmanıń emocional-ekspressiv, estetikalıq tásirsheńligin arttırıwda qollanǵan..*

Keńesbay Allambergenov dóretiwshiliginde epitetlerdiń kóplegen úlgilerin ushıratıwǵa boladı. Jazıwshı kórkem súwretlew qurallarınıń ishinde eń kóp qollanılatuǵın túri –epitetlerden ónimli paydalanǵan

Predmet yamasa háreketke tán bolǵan belgini, qásiyetti, sapanı ayrıqsha anıqlap, onı obrazlı etip kórsetiw ushın awıspalı mánide qollanılǵan sóz *epitet* dep ataladı[1]. Ol arqalı jazıwshı yaki jazıwshılar qaharmannıń yamasa súwretlenip atırǵan zattıń, qubılıstıń birden kózge túserlik ayqın belgisin obrazlı etip kórsetedi.Sonday-aq, epitetlerdi qollanılıw ózgesheligine qaray hárbir jazıwshınıń individual stili kózge taslanadı. Jazıwshı qaharman obrazın jaratıwda, adam portretlerin, is-háreketlerin epitetler arqalı súwretlep shıǵarmanıń emocional-ekspressiv, estetikalıq tásirsheńligin támiyinlegen.

Jazıwshı paydalanǵan epitetler semantikalıq jaqtan hár qıylı bolıp, olar predmetlerdi, tábiyat kórinislerin hár tárepleme sıpatlap, súwretlep kelgen. Jazıwshı pikirin ayqın, dál súwretlewde epitetlerdi ónimli qollanǵan.

Qız **tatlı qıyallarǵa** berilip jatır edi (61-bet).

-Aǵa!-degen **ashshı dawısımdı** esitip ushıp turdı. (83-bet)

Onıń ústine, kúnnen-kúnge jaqınnan esitilip, kúnnen-kúnge iri hám **ashshı dawısqa** aylanıp baratırǵanın aytpaysań ba?!(113-bet)

"Ǵı-ǵıq"laǵan **ashshı dawıs**, jan aybat penen aspanǵa atılıwı, qaytıp jerge jalp etip túsiwi, qanatınan aqqan qıp-qızıl qan, qanatın jayıp jiberip kózleri mólteńlep, es-tússiz jatıwı-bári kóz aldıńda kem-kem janlana berdi (128-bet)

Bul **suwıq qural** bar jerde...(139-bet)

Bala usılayınsha ózi menen ózi **tatlı qıyallarǵa** berilip dayısınıń aldında otırǵan qálpinde-aq uyqılap ketti (136-bet)

---

[1] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. –Нөкис.: Қарақалпақстан, 1990. –Б. 79.

Kóz aldında sap tartıp ushıp baratırǵan **muńlı quslar dizbegi** keldi...(140-bet).

Júzi ısıq, **jipek minez** jaqsı qız (144-bet).

Balanıń oǵan degen ıqlaslı adımları onıń **qáhárli kózleri** menen keyin qaytarılıp turıldı...(150-bet)

Qara, qanday **názik sezimli**, eljirep turǵan haq kókirek bala deyseń!(151-bet).

**Otlı názerin** tigip, jek kórgen sayın hámme nárseden túńilip, qushaǵında jatqan bul jazıqsız jannıń kim ekenligin de itibar bermey qayttı (147-bet).

Jigittiń ósik shashların jipektey sıypalap, tártipke keltirip atırǵan **názik barmaqları** láń bolıp qalǵanday toqtap qaldı (183-bet)

Keltirilgen mısallarda insannıń sezimlerin táriyiplewde epitetlerdi sheberlik penen paydalanǵan: **tatlı qıyallar, ashshı dawıs, jipek minez, qáhárli kózler, názik sezimli, otlı názer, názik barmaqlar.** Sonıń menen birge táriyiplenip atırǵan waqıyaǵa baylanıslı da sezimlerdi súwretlewde epitetlerdi paydalanadı: **suwıq qural, muńlı quslar dizbegi.**

Birewden qattı sóz esitip, yaki nahaqtan jábirlenip kelgenińde, basıńnan sıypap, bir awız bolsa da **jaqsı sóz** aytqan adam qanday ısıq bolıp kórinedi deyseń (151-bet)

Nazardıń sap **taza oyları** emestey, ol ózin-ózi aldap atırǵanday (152-bet)

- Apa, senbiseń?-dedi Oraz **haq kókiregi** menen (153-bet)

- **Ótkir kózleri** Nazardıń óńmeninen tesip jiberetuǵınday qadalıp turdı (158-bet)

-Seniń súygen qızıń bar, deydi ǵoy....degen eki oylı **jumsaq ǵana dawıs** esitildi (164-bet)

Birinshisi-waqıyanı tánhá ózine bolǵan shın júrekten quwanıw bolsa, ekinshisi-usı waqıya arqalı ekinshi bir adamdi da quwantaman ba, degen neǵaybıl úmitke qosılǵan "Onnan úmitińdi úz" dep bolıp, ayta almaytuǵın, hátteki, ózi de ne ekenin sezbey turǵan mehir, tilep ótinish aralas **názik sezimnen** sır shertetuǵın haqıyqat bir ilahiy sezim (180-bet)

Qız jigitke burınǵıday jumbaq emes, kúnnen-kúnge ájayip **altın qus** sezile berdi (181-bet)

Qızdıń ózi ermek bolǵan bul **ashshı taǵdirge** Orazdı da ermek qılǵısı kelmedi (183-bet)

Eki bastan... degen keleshegime bolǵan nemquraydı bir **gúńgirt sezimniń** jetegine qalay erip ketkenimdi ózim de bilmey qaldım (185-bet)

Írası Oraz bul jazıwlardan ózi qorǵaǵısı kelgen Bazardıń shilpárshe bolǵan, biraq girshiksiz sap **taza júregin** kórgendey boldı (186-bet)

Birewleri chemodan, ryukzakların bir shetlew qolaylı jerge jaylastırıp qoyıp júrse, jáne birewleri qollarındaǵı duwtar, gitara, rubab usaǵan saz ásbaplarınıń qulaqların olay-bulay tawlastırıp, **názik tarların** "dıńǵırlatıp" kórip atır (190-bet)

... "Bári pitti!...dep bir **suwıq demin** aldı usı kórinislerden kóz ayırmay qarap, aynanıń aldında qaqqan qazıqtay qaqshıyıp otırǵan Nazar (191-bet)

Jazıwshı tábiyattıń ájayıp qubılısların súwretlewde epitetlerdi ózine tán sheberlik penen qollanǵan.

Jazıwshı óz shıǵarmalarında samalǵa baylanıslı qollanılǵan epitetlerdi, is-háreketti anıq hám obrazlı túrde jetkerip beriw ushın sheber qollanǵan. Jazıwshı dóretpelerinde *jumsaq, jaǵımlı, jipek, oyınshıl, shoq minez, oynaqı* epitetlik sózler samaldıń qásiyetin sıpatlap keliw menen birge shıǵarmaǵa ózgeshe emocionallıq baǵıshlap kelgen.

K.Allambergenov tábiyat qubılısların súwretlewde basqa jazıwshılardan epitetlik boyawı ajıralıp turadı. Jazıwshı dóretpelerinde *tatlı, jupar, jipek, móldir* sózleri epitetlik xızmette qollanǵan.

Búgin jan-dúnyasın titirkentip otırǵan mına súwrettegi kózlerge deyin tap aynımaǵan usı qálpinde oǵan qıyılıp qarawı menen kewil túpkirinen qanday da **názik nurlardı** usınıp turdı...(198-199-betler)

Usılayınsha **altın-zer** waqıt shańında áste-áste kómile berdi (202-bet)

Jazıwshı shıǵarmalarında *tatlı* epiteti kóbirek abstrakt atlıqlar menen kelip, qaharmannıń sezimlerin súwretlep kelgen. *Móldir* epiteti arqalı súwretlep atırǵan qaharmannıń xarakterin, portretin jasaǵan.

Joqarıda berilgen mısallardaǵı *altın, shiyrin, ashshı, saqıy* sózleri predmetke tán bolǵan belgini, qásiyetti, sapanı ayrıqsha anıqlap obrazlı ekspressiv boyawlar menen bergen.

Jazıwshı aytajaq pikirin sóylewge baylanıslı epitetler arqalı kórkem boyawlar menen obrazlı túrde súwretlegen:

Mısallardaǵı *qızıl, tikenekli, ashshı, shiyrin* sózlerin obrazlı túrde kórkemlik boyawlarda sıpatlap, epitet bolıp kelgen.

Bul epitetler kóbirek xalıqtıń awızeki dóretpelerinde, xalıqtıń sóylew tiline tán bolǵan epitetler bolıp, Jazıwshı xalıqtıń bay ǵáziynesi – awızeki dóretpelerin ózinde sińdiriw arqalı, óziniń jeke stillik ózgesheligi tiykarında epitetler dóretken:

Joqarıdaǵı mısallarda berilgen *árman, jaqsılıq, altın, jeńil, jaslıq, jábir, suwıq qanlı, quyashlı* sózleri epitetlik xızmette qollanılıp kórkem obrazlar dóretken.

Bul jazıwshınıń til elementlerinen paydalanıwdaǵı sheberligin kórsetip qoymastan, onıń bunday epitetlerdi paydalanıw arqalı qaraqalpaq ádebiy tiliniń kórkemligin, baylıǵın xalıqqa jetkerip bere alǵanlıǵın dálilleydi.

## Ádebiyatlar:

1. Алламбергенов К. Таңламалы шығармалары. Алты томлық. I том. Нөкис: Avangard baspa. 2024.
2. Абдиназимов Ш. Лингвопоэтика. – Nukus: Miraziz, 2019.
3. Buxarbaeva J. T.Matmuratov shıǵarmalarınıń lingvopoetikalıq analizi. Filol.ilim. filos…d-ri avtoref. – Nukus, 2024.
4. Ержанова Д. И.Юсупов поэмаларының лингвопоэтикалық анализи. Филол.илим. филос…д-ри автореф. – Нукус, 2022.
5. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. –Нөкис.: Қарақалпақстан, 1990.